



Pou Piblikasyon Imedya: 26/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEZIYEN UNION AVENUE NAN SARATOGA SPRINGS KÒM  
'MARYLOU WHITNEY WAY'**

***Lejislasyon S.6738-A/A.7625-A dedye yon pati nan sistèm otowout Eta a nan Vil  
Saratoga Springs pou Marylou Whitney***

Gouvènè Kathy Hochul te deziyen jodi a yon pati nan sistèm otowout Eta a nan Vil Saratoga Springs tankou 'Marylou Whitney Way'. Sa fè swivi ak Gouvènè Hochul ki te siyen lejislasyon (S.6738-A/A.7625-A) ki dedye Union Avenue nan Saratoga Springs pou Marylou Whitney.

"Ane dedikasyon Marylou Whitney yo nan Saratoga pral rete vivan pou toujou, sa ki reflekte nan travay li te fè pandan tout lavi li", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Li te pi gwo pase lavi, yon pyonyè tan li, ak memwa li pral yon eritaj pèmanan isit la epi jodi a mwen onore pou m dedye ba li yon pati nan vil li te tèlman renmen an. Mwen remèsye fanmi Whitney pou travay kontinyèl li isit la epi mwen rekonesan dèske m ka sonje Marylou tankou lejann ak zanmi li ye pou anpil moun".

Marylou Whitney te yon eleman prensipal nan zòn Saratoga ak kominote kous cheval. Li te akonpli efò filantwopik lejandè nan non travayè pa dèyè (backstretch) yo ak san pi ki retirete yo epi li te jwe yon wòl vital nan fòmasyon Konte Saratoga jan li egziste jodi a. Li te jwe yon wòl kle nan asire ipodwòm lan rete ouvri, epi cheval li yo te konpetitif nan sikwi NYRA a pandan plizyè deseni, pote viktwa nan Belmont ak Travers Stakes.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Asosyasyon Kous New York la (New York Racing Association, NYRA), David O'Rourke, te deklare**, "Pa gen okenn moun ki te vle di plis pou siksè kontinyèl Saratoga Race Course Pis Kous Saratoga Pis Kous Saratoga Pis Kous Saratoga pase Marylou Whitney. NYRA te onore pou selebre kontribisyon dirab Madam Whitney te fè nan espò ak nan Saratoga nan dedye antre paviyon an nan memwa li. Epi kounye a, jodi a, Marylou Whitney Way pral sèvi kòm pòtay nan Saratoga sou Union Avenue -- yon fason ekstrèmman apwopriye pou kontinye onore lavi ak eritaj remakab Madam Whitney".

**Senatè Eta a, Daphne Jordan te deklare**, "Li apwopriye pou wout eta 9-P ant I-87 ak East Avenue nan vil Saratoga Springs ki mennen nan ipodwòm lan epi adjasan ak li pral deziyen tankou Marylou Whitney Way. Ipodwòm Saratoga istorik, ki gen renome

mondyal nou an te fòme, ranfòse ak jwenn sipò atravè jenewozite Marylou Whitney. Defans li te ede ipodwòm lan rete louvri epi li te ede Saratoga Meet atire plis pase yon milyon moun chak ane. Yo te rekonèt cheval li yo kòm enstalasyon regilye nan anje Travers yo epi li te reklame viktwa ak yon karyè distenge kòm yon pwopriyetè. Marylou te tou yon figi enpòtan tou ki te fè bon travay filantwopik nan non travayè backstretch yo ak san pi ki retrete yo. Anplis de sa, li te yon manm fondatè SPAC, li te ede etabli Mize Nasyonal Dans, li te travay pou retabli Mize Nasyonal Kous la, epi li te bay plizyè ane sipò pou Lopital Saratoga. Marylou Whitney Way pral asosye pou tout tan avèk Marylou Whitney ak kontribisyon li te kite pou Saratoga Springs. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li selebre deziyasyon sa a jodi a epi paske li siyen pwojè lwa Sena a S6738A pou fè sa tounen yon reyalite. Mwen remèsye tou kòlèg lejislatif mwen an, Manm Asanble Woerner, pou travay li nan asire ke Asanble a adopte pwojè lwa konplemantè a".

**Manm Asanble Carrie Woerner te deklare,** "Mary Lou Whitney, ke Sal Renome Nasyonal Kous (Racing Hall of Fame) la te rekonèt kòm yon "poto gazon" an 2019, depi lontan te sinonim kous san pi nan Saratoga Springs. Yon elvè san pi, yon pwomotè espò kous la, ak yon filantwòp, enpak Madan Whitney sou vil nou an ak sou espò kous la ap kontinye. Mwen kontan dèske mwen te kapab etabli omaj sa a bay youn nan gwo fanm nan epòk nou an".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)